

## BAB V

### PANUTUP

Dina ieu bab, dipedar ngeunaan (1) kacindekan jeung (2) saran tina hasil panalungtikan kana carita barudak *Nala* karya Darpan. Anapon dadaranana bisa katitén dina pedaran ieu di handap.

#### 5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan miboga tujuan salah sahijina pikeun ngaidéntifikasi jeung ngadéskripsikeun karya sastra barudak, hususna carita barudak *Nala* karya Darpan ngaliwatan tiori sosiologi sastra jeung étnopédagogik, kalayan laju hasil panalungtikan dilarapkeu pikeun bahan panagajaran maca di SD. Métonde anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métonde déskriptif analisis. Sedengkeun téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik studi pustaka/telaah pustaka, analisis data, jeung interprétasi data.

Téma nu katémbong dina carita barudak *Nala* karya Darpan nyaéta ngeunaan kahirupan budak ngarana *Nala* anu hirup ngan ukur duaan jeung indungna. Ieu hal bisa dibeutkeun luyu jeung judul éta carita. Galur anu digunakeun dina éta carita nyaéta galur méréllé, hartina pangarang dina nepikeun carita dimimitian ku bubkua, munculna konflik atawa pasualan, jeung ditutup ku solusi tina éta pasualan kalayan sipatna nyugemakeun. Jumlah palaku dina éta carita aya 29 urang kabagi ku 2 palaku utama jeung 27 palaku tambahan. Anu kaasup palaku utama nyaéta *Nala* jeung indungna, sedengkeun sésana mangrupa palaku tambahan. Latar anu kapanggih dina éta carita ngawengku latar tempat, latar waktu, jeung latar sosial. Sacara gurat badag unggal kajadian lolobana dicaritakeun di imah *Nala*. Ari latar waktu ditémbongkeun ku waktu beurang, soré, jeung peuting. Sedengkeun latar sosial nu katrémbong dina ieu carita ngawengku tilu hal saperti latar sosial handap, menengah, jeung luhur. Puseur panitén anu digunakeun ku pangarang dina éta carita nyaéta caturan jalma katilu.

Hartina, pangarang nempatkeun dirina salaku jalma anu aya di luareun carita. Ieu hal diciran ku palaku utama anu kasebut ti mimiti nepi ka ahir carita. Gaya basa anu digunakeun pangarang kawilang basajan, luyu jeung basa anu digunakeun sapopoé, ku kituna, pamaca gampang mahaman kana eusi carita. Ari nada atawa suasana katitén ngagambarkeun suasana lingkungan aya 2 suasana, jeung suasana kajiwaan palaku aya 3 suasana.

Carita barudak *Nala* karya Darpan némbongkeun aspék-aspék sosial anu ngawengku status sosial jeung prosés sosial. Status sosial dicirian tina pakasabanana nu ngawengku 5 pakasaban, status atikanana nu ngawengku budak sakola SD, pakayana nu ngawengku beunghar, basajan, jeung miskin, sarta agamana nu dicirian ku Agama Islam. Prosés sosial nu katémbong dina éta karya ngawengku gawé bareng/sauyunan, persaingan, konflik, jeung akomodasi.

Ajén atikan karakter anu ditalungtik nyoko kana ajén karakter catur tunggal watak nu ngawengku ajén karakter olah hati (3 karakter), ajén karakter olah pikir (5 karakter, ajén karakter olah raga jeung kinéstétik (3 karakter), jeung ajén karakter olah rasa jeung karsa (4 karakter).

Carita barudak *Nala* karya Darpan bisa dijadikeun alternatif bahan pangajaran maca di SD ku lantaran hasil analisis anu dipedar bisa ditulis jadi pangajaran maca anu geus nyampak dina kurikulum di tingkat SD/MI. Ku ditulisna hasil analisis dina wangun prosa, bisa nambahan pangaweruh anu leuwih euyeub pikeun siswa ngeunaan prosa hususna carita barudak, ku cara diguar sacara nyosok jero ngeunaan struktur, aspék sosial, jeung ajén atikan karakter nu aya di jerona bisa jadi pieunteungeun pikeun siswa anu antukna bisa ngahudang jeung ngawangun karakter siswa anu leuwih luhung deui.

## 5.2 Saran

Dumasar hasil panalungtikan ngeunaan *Struktur, Aspék Sosial jeung Ajén Atikan Karakter dina Carita Barudak Nala karya Darpan Pikeun Bahan Pangajaran Maca di SD (Ulikan Struktural, Sosiologi Sastra jeung Étnopédagogik)*, aya sababaraha saran atawa rékoméndasi tina ieu panalungtikan nyaéta:

**Ade Hilman Miftah Fauzi, 2018**

*STRUKTUR, ASPÉK SOSIAL, JEUNG AJÉN ATIKAN KARAKTER DINA CARITA BARUDAK NALA KARYA DARPAN PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DI SD*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 1) Carita braudak *Nala* karya Darpan ngagambarkeun kahirupan barudak di lingkungan sosial masarakat. Caritana pinuh ku ajén nu luhung, kaasup ajén atikan karakter nu hadé. Ieu hal tangtu bisa dijadikeun salah sahiji cara pikeun ngaronjatkeun karakter manusa ngaliwatan pangajaran.
- 2) Dina ngajarkeun pangajarans sastra, ieu panalungtikan bisa dijadikeun cecekelan sangkan guru leuwih teleb dina merhatikeun stratégi jeung léngkah-léngkah pangajaran.
- 3) Panalungtikan ngeunan sastra utamana sastra barudak kawilang masih kénéh langka. Ku kituna, dipiharep kahareup bakal leuwih loba panalungtikan ngeunaan sastra barudak kalawan maké tiori-tiori séjén, pikeun nambahan kabeungharan kasusastraan Sunda, hususna sastra barudak.